

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar métode panalungtikan anu ambahanana ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.


#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain atawa rarancang dina hakékatna mangrupa prosés mikir sacara gembheng jeung nangtukeun kalayan asak hal-hal nu rék dilakukeun. Éta hal téh ngawengku masalah, wangun atawa wanda data nu dibutuhkeun, nepi ka pola jeung sistematika laporan (Margono, 2014, kc. 100). Désain panalungtikan ogé mangrupa padika atawa cara-cara nu dipaké panalungtik enggoning nyangking data nu tangtu. Cara nu dimaksud di dieu nyaéta stratégi panalungtikan sangkan panalungtik bisa ngahontal sasaran nu mangrupa jawaban tina masalah atawa bebeneran nu biasa disebut métode panalungtikan (Hikmat, 2011, kc. 30).

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan nu miboga fungsi pikeun manggih jeung maham hiji fénoména séntral (Sugiyono, 2017, kc. 4). Ari métode déskriptif nyaéta hiji métode nu miboga fungsi ngagambarkeun data panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sapuluh léngkah atawa tahapan panalungtikan anu ngawengku (1) nangtukeun masalah, (2) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (3) nangtukeun métode panalungtikan, (4) nangtukeun jeung nyusun téhnik panalungtikan, (5) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (6) nangtukeun sumber data, (7) ngumpulkeun data, (8) nganalisis jeung ngolah data, (9) nyieun kacindekan, (10) nyusun laporan.

Dumasar kana léngkah-léngkah panalungtikan di luhur, désain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data ieu panalungtikan nyaéta kandaga kecap serepan basa Sunda tina basa Arab anu ngawujud homonim. Éta data téh dikumpulkeun tina sumber data. Ari sumber data nyaéta *kamus basa Sunda jeung kamus Indonésia-Arab*. Kamus besar anu dipaké nyaéta *Kamus Basa Sunda karangan R.A Danadibrata* wedalan Bandung, citakan ka-4 taun 2015, ku penerbit PT Kiblat Utama. Ukuran bukuna 16,5 x 26,5 cm, anu kandelna 748 kaca.

Salian *kamus basa Sunda* aya ogé *kamus Indonesia-Arab Almunawir*, karangan A. W. Munawir jeung Muhammad Fairuz anu kandelna 1012 kaca, ukuran bukuna 16,5 x 24,5 cm, wedalan Surabaya, taun terbit 2007, diterbitkeun ku

penerbit Pustaka Progresif.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data, digunakeun téknik studi dokumentasi. Saluyu jeung pamadegan Sugiyono (2015, kc. 329) ngébréhkeun yén studi dokuméntasi téh nyaéta tarékah ngumpulkeun data jeung informasi tina catetan peristiwa nu geus kaliwat. Dokumén bisa mangrupa tinulis/gambar atawa karya-karya *monumental* ti salah saurang. Dina ieu panaluntikan anu disebut catetan tinulis téh nyaéta tulisan anu geus jadi *Kamus Basa Sunda R.A Danadibrata* jeung *kamus Indonesia-Arab Almunawir*. Ari langkah-langkah ngumpulkeun datana nyaéta

- 1) Maca sumber data nu mangrupa KBS karya R.A Danadibrata;
- 2) Nyirian kecap-kecap nu asalna tina basa Arab;
- 3) Nyalin kecap-kecap tina BA kana kartu data katut ;
- 4) Ngaruntuykeun data kecap-kecap tina BA sacara alpabetis;
- 5) Maca sumber data nu mangrupa kamus Basa Indonésia- Arab
- 6) Nyirian kecap-kecap BA nu homonim dina BS
- 7) Nyalin kecap-kecap BA nu homonim dina BS

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké kartu data digital keur ngumpulkeun data. Dina kartu data digital ngawengku kecap serepan jeung homonim boh wangunna boh ma'nana.

Data: (...)

- a. Wangun kecap BS
  - b. Wangun kecap BA
- Babandingan
- Wangun jeung harti sarua
  - Wangun sarua harti béda
  - Wangun béda harti sarua
  - Wangun mirip harti béda
  - Wangun mirip harti sarua

No	Kecap Serepan	Harti

Geus kapanggih kecap serepan basa Sunda nu asalna ti basa Arab tuluy di pasing-pasing deui.

No	Kecap Serepan	Homonim		Harti basa Sunda	Harti basa Arab
		Homofon	homograf		

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Analisis unsur langsung atawa *immediate constituent (IC) analysis* ditilik tina harti nyaéta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hockett dina Sudaryat, 2004, kc. 32). Sabada dianalisis unsur-unsur kecap serepan basa Sunda tina basa Arab, tuluy dianalisis sasaruuan jeung bédana maké téhnik analisis kontrastif. Ari nu dimaksud ku analisis kontrastif téh nyaéta komparasi sistem-sistem linguistik dua basa, contona sistem bunyi atawa sistem gramatikal (Tarigan, 2009, kc. 5). Ku lantaran nu dibandingkeun kecap-kecap serepan dina basa Sunda tina basa Arab, ieu analisis kontrastif disebut analisis kontrastif léksikal.

Dumasar kana dua téhnik di luhur, ngolah data babandingan homonim basa Sunda jeung kecap serepan basa Arab dilaksanakeun maké léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) niténan deui data kecap serepan basa Sunda tina basa Arab anu geus di
- 2) nyieun papasingan data kecap serepan basa Sunda tina basa Arab dumasar kana (a) sasaruuan (b) bédana
- 3) nganalisis sasaruuan jeung bédana homonim kecap serepan basa Sunda tina basa Arab
- 4) ngadéskripsikeun sasaruuan jeung bédana homonim kecap serepan basa Sunda tina basa Arab
- 5) napsirkeun sasaruuan jeung bédana homonim kecap serepan basa Sunda

tina basa Arab

6) nyieun kacindékan ngeunaan Babandingan Homonim basa Sunda jeung Kecap Serepan basa Arab (Ulikan Kontrastif Leksikal).